

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou gen nenpòt kesyon.
- Kontakte depatman sante piblik lokal ouwa Eta ou a.
- Ale sou sitwèb Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) la nan [coronavirus.health.ny.gov/pregnancy-covid-19](https://coronavirus.health.ny.gov/pregnancy-covid-19)
- Ale sou sitwèb Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations/pregnancy.html](https://cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations/pregnancy.html)
- Ale sou sitwèb MotherToBaby a nan [mothertobaby.org/pregnancy-breastfeeding-exposures/covid-19/](https://mothertobaby.org/pregnancy-breastfeeding-exposures/covid-19/)



**Pwoteje Tèt ou,  
Fanmi ou,  
ak Tibebe w la:  
Pran Vaksen  
COVID-19 la!**



[coronavirus.health.ny.gov/  
pregnancy-covid-19](https://coronavirus.health.ny.gov/pregnancy-covid-19)



**Pwoteje Tèt ou,  
Fanmi ou,  
ak Tibebe w la:  
Pran Vaksen  
COVID-19 la!**



## Kiyès Ki Ta Dwe Pran Vaksen an?

Rechèch montre pa gen okenn danje pou pran vaksen COVID-19 la anvan, pandan ak apre gwosès. Si ou anvè fè yon timoun, w ap eseye ansent, ou ansent oswa w ap bay tete, pran vaksen an kounye a! Sa a se rekòmasyon Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) ak Fakilte Obstetrisyen ak Jinekoloji nan American College (American College of Obstetricians and Gynecologists), ak Sosyete pou Medsin Manman ak Tibebe (Society for Maternal-Fetal Medicine)



## Poukisa mwen ta dwe pran vaksen an?

- Si ou ansent, ou gen plis risk pou w malad grav, gen konplikasyon ak gwosès ou a, epi mouri ak COVID-19 pase moun ki pa ansent yo.
- Vaksen COVID-19 la pa ba bay ni fanm ansent ni tibebe yo enfeksyon.
- Fanm ansent ki pran vaksen COVID-19 la pa gen plis risk pou yo pèdi pitit la (foscouch) oswa gen lòt pwoblèm ak gwosès.
- Vaksen COVID-19 yo pa montre okenn efè sou kapasite pou yon fanm vin ansent, menm nan mitan moun k ap fè tretman pou fètilite yo.
- Etid yo pa lye vaksen COVID-19 la ak pwoblèm ki gen rapò ak gwosès, règ, pwoblèm bann, kalite espèm oswa enfètilite.

## Ki lòt bagay mwen ta dwe konnen?

- Ou pa bezwen pran yon tès gwosès anvan ou pran vaksen COVID-19 la.
- Ou ka kontinye bay tete lè w ap pran vaksen an. Vaksen an p ap ba w COVID-19. Si w pran vaksen an, ou ka diminye risk pou tibebe w la pran COVID-19. Ou pase antikò pwoteksyon bay tibebe w la atravè matris ou ak lèt tete w.
- Fanm ansent ka pran vaksen COVID-19 la nenpòt kote li disponib.

